**दिन–शनिवार** **दिनांक–06.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ
अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन कहलनि अछि जे वस्तु आ सेवा कर जीएसटीक नव व्यवस्था सँ नागरिक सभक उपभोग मे सुधार होयत। एहि सँ पूँजीगत व्यय पर कोनो प्रभाव नहि पड़त। एक निजी समाचार चैनल सँ गपशप मे श्रीमती सीतारामन कहलनि जे निन्यानवे प्रतिशत वस्तु आ सेवा सभ पर आब या तऽ शून्य वा पाँच सँ अठारह प्रतिशत धरिक जीएसटी लागत।

---

मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक लेल आवेदनक प्रक्रिया काल्हि सँ आरंभ होयत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एहि संबंध मे काल्हि एक दिशा–निर्देशिका जारी करताह जाहि मे आवेदनक प्रक्रिया आ ओहि सँ जुड़ल आन जनतब सेहो देल जायत। ग्रामीण विकास विभाग मंत्री श्रवण कुमार कहलनि जे एहि योजनाक मुख्य उद्‌देश्य प्रत्येक परिवारक एक महिला के रोजगार आरंभ करबाक लेल आर्थिक मददि करब अछि। ओ कहलनि जे रोजगारक लेल पहिल किस्तक रूप मे दस हजार टाकाक भोगतान एहि मास कयल जायत।

---

बिहार विधानसभा चुनाव के लऽकऽ महागठबंधन के घटक दल सभक आइ नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव के आवास पर एक बैसक भेल। बैसकक बाद कांग्रेसक प्रदेश प्रभारी कृष्णा अल्लावरू कहलनि जे ई बैसक बेस सफल रहल। बैसक मे ई निर्णय लेल गेल जे विधानसभा चुनाव मे राष्ट्रीय लोक जनशक्ति पार्टी आ झारखंड मुक्ति मोर्चाक संग मिलिकऽ लड़ल जायत। ओ कहलनि जे सीटक बंटवारा पर सेहो बैसक मे चर्चा भेल।

---

गयाजीक विश्व प्रसिद्ध पितृपक्ष मेला आइ सँ आरंभ भऽ गेल अछि। पितरपक्ष मेला एक्कैस सितम्बर धरि चलत। अपन पूर्वज सभ के मोक्षप्राप्तिक कामना के लऽकऽ देश–विदेश सँ श्रद्धालु एहि मेला मे पहुँचैत छथि। सहकारिता मंत्री प्रेम कुमार, भूमि सुधा आ राजस्व विभागक मंत्री संजय सरावगी, पर्यटन मंत्री राजू कुमार सिंह आ वन आओर पर्यावरण मंत्री सुनील कुमार संयुक्त रूप सँ दीप प्रज्वलित कऽ मेलाक उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा आओर विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह समेत राज्य सरकारक कतेको मंत्री उपस्थित छलाह। गयाक जिलाधिकारी शशांक शुभंकर जनौलनि जे मेलाक दरमियान विधि व्यवस्था, यातायात व्यवस्थाक संग नागरिक सुविधा सभक पर्याप्त व्यवस्था कयल गेल अछि। पूरा मेला क्षेत्र के सत्रह सुपर जोन मे बांटिकऽ दंडाधिकारी, पुलिस पदाधिकारी आ पर्याप्त संख्या मे पुलिस बलक तैनाती कयल गेल अछि। एम्हर, पटना स्थित पुनपुन मे सेहो आइ सँ अंतर्राष्ट्रीय पितरपक्ष मेला प्रारंभ भऽ रहल अछि। गया मे पिण्डदान सँ पहिने श्रद्धालु पुनपुन नदीक कात अपन पितर सभक आत्माक शांतिक लेल पिण्डदान आ तर्पण करैत छथि।

---

पितरपक्ष मेला मे सम्मिलित होबयवला श्रद्धालु लोकनिक सुविधा के देखैत रेलवे पुनपुन घाट हॉल्ट आ अनुग्रह नारायण स्नानघाट पर सोलह जोड़ी ट्रेन के दू–दू मिनटक आई सँ एकैस सितम्बर धरि अस्थाई ठहराव देलक अछि।

---

गयाजीक अधिकारी प्रशिक्षण अकादमी सँ आइ देशक दू सय सात नव सैन्य अधिकारी भेटलाह अछि। एहि मे तैईस महिला सभ छथि। भारतीय सेना मे मध्य कमानक कमांडर लेफ्टिनेंट जनरल अनिन्दय सेन गुप्ता परेडक निरीक्षण कयलनि।

---

राजगीर मे आयोजित पुरूषक एशिया कप हॉकी प्रतियोगिताक सुपर फोर स्टेजक एक मोकाबिला मे भारत आ चीनक मध्य मैच सांझ साढ़े सात बजे सँ खेलायल जायत। एखन धरि एक जीत एक ड्रॉ के संग भारतीय टीम सुपर फोर स्टेजक अंक तालिका मे चारि अंक के संग शीर्ष पर अछि। एम्हर, पाँचम सँ आठम स्थानक क्लासिफिकेशन मोकाबला मे कजाकिस्तानक टीम आइ चीनी ताइपे के छओ–चारि सँ पराजित कयलक। काल्हि सेमी फाइनल आ फाइनलक मोकाबिला होयत।

———————————————————————————

पटनाक जिलाधिकारी डॉक्टर त्याग राजन एसएम आइ पटनाक मेट्रो निर्माण कार्यक समीक्षा कयलनि आ अधिकारी सभ के काज मे शीघ्रता अनबाक निर्देश देलनि।

———————————————————————————

आइ अनंत पूजा अछि। श्रद्धालु भादव मासक चतुर्दशीक भगवान विष्णुक अनंत स्वरूपक पूजा–अर्चना करैत छथि। भगवान विष्णु के पूजाक बाद श्रद्धालु अनंत सूत्र बन्हैत छथि। एम्हर, आइ दस दिन धरि चलयवला गणेश उत्सव के सेहो समापन भऽ गेल।

———————————————————————————

समाप्त भेल।